



# Èd ekonomik pou fanmi anplwaye - Asignación Familiar

Eksplikasyon sou kisa li ye e kiyès ki kapab postile pou benefis sosyal sa a.

## ◉ Kisa èd ekonomik pou fanmi anplwaye a ye (Asignación Familiar)?

Se yon sibvansyon leta peye. Yon sòm lajan yo bay pou chak chaj famiyal yon travayè genyen. Chaj famiyal la se yon moun k ap viv sou kont yon travayè.

## ◉ Kiyès ki kapab resevwa Sibvansyon sa?

- Tout travayè ki gen kontra k ap travay nan sektè prive ak piblik;
- travayè k ap resevwa yon sibvansyon ( pou chomaj, enkapasite pou travay oubyen aksidan travay oubyen maladi pwofesyonèl);
- kèk travayè endepandan tankou chofè taksi ak moun k ap vann nan Kiosk yo, pansyonè ki nan nenpòt rejim previzyonèl;
- sila yo k ap resevwa pansyon paske madanm li oubyen mari li mouri, maman pitit yon travayè oubyen yon moun ki pansyonè epi kap resevwa yon pansyon espesyal;
- enstitisyon leta, oubyen enstitisyon ke leta rekonèt, enstitisyon ki anchaje timoun ki òfelen yo, ki abandone yo oubyen ki kokobe yo,
- ak moun ki genyen soukont li moun ki pa ko majè, kòm mezi pwoteksyon jidisyè.

## ◉ Kisa ki ka koz yo chwazi moun ki sou kont ou a kòm chaj famiyal pou jwenn sibvansyon sa ?

- Moun k ap viv ansanm (ki gen yon relasyon) ki kokobe,
- timoun yo adopte jiska 18 lane, majè jiska 24 lane, ki sèl (selibatè), k ap etidye nan enstitisyon Leta oubyen ke Leta rekonèt ;
- ki kokobe ki gen nenpòt laj;
- neve ak nyès ki òfelen oubyen sila yo ke papa ak manman yo abandone yo;
- manman ki vèv;
- konsangen (papa, manman, gran papa, grann, elatriye.) tigranmoun ki gen plis ke 65 lane,
- timoun ki òfelen oubyen abandone, sila yo ki kokobe ki sou kont enstitisyon Leta oubyen ke Leta rekonèt ak timoun ki sou kont moun pou pwoteksyon jidisyè.

## ◉ Ki kondisyon yon moun dwe ranpli pou l jwenn sibvansyon sa (Asignación Familiar)

Travayè benefisyè a dwe ede (chaj famiyal) moun ki sou kont li a epi li pa dwe gen yon salè ki egal oubyen siperyè a mwatye salè minimòm nan, eksepte si moun nan resevwa pansyon oubyen lajan òfelina.

## ◉ Travayè ki ansent yo gen dwa a sibvansyon sa (asignación familiar) anvan timoun nan fèt?

Wi, pou travayè ki ansent yo bay yon èd pou manman. Se yon kantite lajan ki egal ak sibvansyon sa a (asignación familiar). Yo dwe bay li depi nan senkyèm (5èm) mwa ansent la, e lap pwolonje pandan tout peryòd ou ansent la jiskaske timoun nan fèt.

## ◉ Ki kote yo kapab mande Sibvansyon pou fanmi an (Asignación Familiar)?

- Caja de Compensación. Instituto de Previsión Social ( IPS) / (Enstiti prevansyon Sosyal) Sektè piblik kote benefisyè a ap travay la. "Mutualidades" se yon moun ki nan pansyon pa rapò a "Ley de Accidentes del Trabajo y Enfermedades Profesionales" /lwa aksidan travay ak maladi pwofesyonèl. Administratè fon oubyen konpayi asirans, pou sa ki gen relasyon ak pansyon AFP.

**Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men, se pa lalwa, ni se pa yon agiman jiridik legal ke yon avoka kapab itilize.**